



DIVIZYON PWOGRAM ELÈV AK SIPÒ YO
TITLE 1 LEKÒL-PARAN KONTRA ANE ESKOLÈ 2025-2026

Lekòl ak Paran yo ap travay ansanm, men nan men, pou siksè edikasyon _____ dakò pou:

Non timoun nan

Lekol Emerson Elementary	LEKÒL PRAL:	PARAN/GADYEN PRAL:
<ul style="list-style-type: none"> Fè yon Reyinyon Anyèl Paran sou Benefis Pwogram Title I Schoolwide (tout Lekòl la) pou enfòme paran ak fanmi elèv ki nan Pwogram Title I ki dwa yo genyen pou yo patisce. Ofri reyinyon nan lè ki fleksib, bay aksè, akomodasyon ak sèvis tradiksyon pou paran yo, si yo bezwen. Enplike paran yo aktivman nan planifikasyon, revizyon, ak amelyorasyon Pwogram Title I nan ak "School-level Parent and Family Engagement Plan (PFEP)" (Plan Angajman Paran ak Fanmi yo nan Nivo Lekòl la). Bay yon kourikoulòm de kalite siperyè ak yon ansèyman nan yon anviwònman aprantisaj efikas ki pèmèt timoun k ap patisce yo satisfè nòm ofisyèl reyisit akademik elèv yo nan Etat a. <p>Y ap bay yon kourikoulòm kalite siperyè ak enstriksyon an nan jan sa a:</p> <div style="border: 1px solid black; padding: 5px;"> <p>L ekòl la dwe bay yon kourikoulòm solid ak bon jan kalite ansèyman nan yon anviwònman aprantisaj ki bay sipò ak efikas.</p> </div> <ul style="list-style-type: none"> Organize konferans paran-pwofesè, omwen chak anc, kote kontra sa a pral diskite etandone li gen rapò ak reyisit endividylel elèv timoun nan (Klas K-5 sèlman). Yon deskripsyon sou ki jan ak ki lè konferans yo ka fèt: <div style="border: 1px solid black; padding: 5px;"> <p>Kontra sa a pral revize twa fwa pandan ane eskolè 2025-2026 (kòmanse, mitan ak fen).</p> </div> Bay paran yo rapò souvan sou pwogrè pitit yo ak enfòmasyon sou disponibilité sèvis lesон patikilye ak asistans devwa atravè pwogram, tankou Pop N' Prep On-Demand Teacher Help. <p>Lekòl la ap bay rapò yo jan sa a: [Dat (yo) ak lè (yo)]:</p> <div style="border: 1px solid black; padding: 5px;"> <p>Pwogrè yo pral ofisyèlman rapòte atravè Rapò Pwogrè Pwovizwa yo, Kanè yo ak jan sa nesesè.</p> </div> Bay paran yo aksè rezonab ak anpliwaye yo. Anpliwaye yo dwe disponib pou kominiye ak paran yo jan sa a: <div style="border: 1px solid black; padding: 5px;"> <p>Anpliwaye yo disponib pandan lè planifikasyon, apre lekòl epi yo pral kowòdone konferans jan sa nesesè.</p> </div> Bay paran yo opòtinite pou yo fè volontè, patisce ak obsève aktivite saliklas pitit yo. Yon deskripsyon sou ki kalite opòtinite yo bay paran yo ka fèt nan jan sa a: <div style="border: 1px solid black; padding: 5px;"> <p>Paran yo ka sévi kòm volontè yon fwa ke schoo bezwen.</p> </div> 	<p>Dekri fason paran yo ak fanmi elèv yo nan _____ pral sipòte aprantisaj pitit yo, tankou:</p> <ul style="list-style-type: none"> Kontwole prezans timoun nan lekòl, aprantisaj lakay li, ak gade televizyon. Vin patisce nan devlope, mete ann aplikasyon, evalye, ak revize nivo 'PFEP nan lekòl la. Ankouraje itilizasyon aktivite pozitif nan tan lib timoun nan. Pataje responsabilite ak lekòl la pou amelyore siksè akademik timoun nan. Kominike avèk pwofesè timoun nan sou pwogrè edikasyon li ak bezwen li yo. Patisce, lè li apwopriye, nan desizyon ki gen rapò ak edikasyon timoun nan. Rete enfòme sou edikasyon timoun nan, li epi reponn tout nòt lekòl la oswa Distri lekòl la. Fè volontè nan lekòl la. Sèvi nan gwooup konsilitatif tankou vin yon reprezantan Title I lekòl ak paran nan youn oswa plizyc komite, konsèy konsilitatif, elatriye. Bay lekòl la enfòmasyon ki resan sou kontak paran/gadyen ak enfòmasyon sou transpòtasyon elèv la. <div style="border: 1px solid black; height: 100px; margin-top: 10px;"></div>	

REMAK: Pati nan lèt fonse yo mande plis enfòmasyon.

Tanpri sonje lekòl yo, an kolaborasyon ak paran/fanmi ak elèv, yo ankouraje pou yo adisyone lòt aktivite ak aksyon apwopriye ki gen rapò ak bczwen espesifik lekòl yo, k ap sipòtc angajman paran ak fanmi yo pou ranfòse siksè akademik elèv yo. Asire w ke tout zòn nan kontra a yo konplè.